

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab, hal nu dipedar nyaéta bubuka. Bubuka dina ieu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, struktur organisasi skripsi, jeung wangenan operasional.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis guguritan jadi kagiatan pangajaran nu aya dina bahan ajar guguritan pangajaran Basa Sunda di sakola SMP nu kudu dikawasa ku siswa pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Kamampuh siswa dina ngawasa nulis guguritan antukna dipangaruhan ku pasualan *internal* nu raket patali jeung minat siswa ogé pasualan *eksternal* kalingkung ku faktor kulawarga jeung hirup kumbuh di masarakat, kaasup dina *média digital* atawa *média sosial*. Nurutkeun Julita, spk. (2023) *média sosial* miboga pangaruh kana prosés *campur kode* ti basa Sunda ka basa deungeun alatan mangrupa-rupa basa bisa kapanggih dina *média sosial*. Ku kituna, ragam basa nu kapanggih ku siswa dina *média sosial* téh miboga pangaruh kana kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan.

Waktu siswa neuleuman pangajaran guguritan, lain ngan ukur diajar basa Sunda wungkul, tapi ngaliwatan guguritan siswa dipiharep bisa mikanyaho kana basa, sastra, budaya, jeung seni Sunda. Éta hal penting pisan dicangking ku siswa sangkan miboga jati diri urang Sunda nu ngamumulé tur ngawanohkeun kabeungharan urang Sunda ka urang deungeun nu dibeungkeut ku guguritan. Luyu jeung naon nu ditétélakeun ku Ajip Rosidi (dina Hendrayana, 2018) urang Sunda miboga tanggapan yén matéri sastra nu pangéndahna nyaéta guguritan. Tina éta hal, tangtu jadi salasihiji cara pikeun numuwuhkeun minat siswa dina pangajaran nulis guguritan.

Ngungkulan pasualan siswa dina pangajaran nulis guguritan nu diguar di luhur patali kana *faktor internal* jeung *éksternal*, antukna kudu dibarung ku modél pangajaran nu cocog pikeun ngungkulanana. Kahontalna tujuan pangajaran nu aya

dina prosés pangajaran téh ditangtukeun ku komponén-komponén pangajaran, di antarana guru, siswa jeung modél pangajaran (Jaelani, 2015).

Modél pangajaran nu cocog pikeun dilarapkeun kana nulis guguritan nyaéta modél pangajaran *Auditory Intellectually Repetition* nu satuluyna disebut modél pangajaran AIR. Dina ieu model pangajaran, nyoko ka bangsa Yunani nu miboga palasapah “lamun hayang diajar leuwih teuleum ngeunaan naon waé hal, pék caritakeun tuluy tumuluy!” (Shoimin, 2020). Nurutkeun Suhérman (dina Shoimin, 2020) *auditory* miboga ma’na yén kagiatan pangajaran kudu ngaliwatan kagiatan pangrungu, ngaregepkeun, ngedalkeun, préséntasi, méré sawangan, nepikeun pamadegan, jeung méré tanggepan. Nurutkeun Meier (dina Shoimin, 2020) *intellectually* némbongkeun hal nu patali jeung prosés pangajaran dina pamikiran hiji pangalaman jeung nyiptakeun kakaitan ma’na, tatahar, ogé niléy tina éta pangalaman. Nurutkeun Suhérman (dina Shoimin, 2020) *repetition* mangrupa pangulangan nu miboga tujuan pikeun neuleuman tur ngalegaan pamahaman siswa nu bisa dilatih ngaliwatan soal, pancén atawa kuis.

Modél pangajaran AIR jadi tarékah guru dina ngahontal tujuan pangajaran nulis guguritan Durma di kelas 8A SMPN 2 Bandung. Siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung dianggap jadi objék panalungtikan nu cocog, sabab tina studi pendahuluan, Jumaah, 16 Pébruari 2024, pasualan pangajaran guguritan nyampak di kelas 8A dina nulis guguritan Durma. Lian ti kitu, éta objék panalungtikan téh mangrupa sakola nu patempatanana *strategis* di puseur dayeuh, nyaéta di Jl. Sumatera No. 42, Merdeka, Kecamatan Sumur Bandung, Kota Bandung, Jawa Barat. Leuwih husus deui siswa kelas 8A nu jadi objék panalungtikan kuasi ékspérimén miboga ragam asal kulawarga tur mangrupa-rupa kagiatan sapopoé. Antukna sawatara éta hal nu aya disabudeureun siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung mangaruhan kana kamampuh dina pangajaran nulis guguritan.

Pangajaran nulis guguritan mangrupa matéri pangajaran nu bisa ngahontal *Capaian Pembelajaran* (CP) dina kurikulum Merdeka nu dipaké di SMPN 2 Bandung, hususna kelas 8A. CP mangrupa wujudiah anyar tina kurikulum 2013 nu harita disebut Kompetensi Inti (KI) jeung aya ogé nu disebut Kompetensi Dasar (KD). CP diukur dumasar kana *fase* atawa kamampuh siswa unggal tingkat kelas

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Hamdi, spk., 2022). Lian ti kitu, dipiharep pisan siswa atawa pamaca bisa nyangking ajén-inajén nu aya dina guguritan pikeun kahirupan nu tangtu bisa méré mangpaat.

Sakumaha nu ditepikeun ku Wali Kota Bandung, Yana Mulyana (dina Wamad, 2023) "*Di sekolah sudah ada pelajaran Bahasa Sunda. Ini salah satu ikhtiar kita.*" Ieu hal smangrupa ihtiar nu nyoko kana data BPS nu méré infomasi ngeunaan *Kemampuan Berbahasa Indonésia dan Penggunaan Bahasa Daérah Menurut Generasi*, digunakeunna basa Sunda kacatet ti generasi *Pre Boomer* (1945 katukang) 84,73%, generasi *Baby Boomer* (1946-1964) 79,9%, generasi *Millenial* (1981-1996) aya dina 73,92%, *Gen Z* (1997-2012) aya dina 72,44 %, jeung generasi *Post Gen Z* (2013-Kiwari) ngan ukur 63,99%. Nilik kana éta data, basa Sunda téh geus kawilang turun pisan digunakeun.

Dina panalungtikan saméméhna, modél pangajaran AIR kungsi dilarapkeun ka siswa kelas 10 SMAN 1 Kota Salak ku Safriani spk. (2022) ngeunaan "*Éféktivitas Modél Pembelajaran AIR (Auditory Intellectually Repetition) Terhadap Keterampilan Menulis Puisi Siswa Kelas X SMAN 1 Koto Salak*". Panalungtikan saméméhna ogé kungsi ditalungtik ku Ruhamdani (2020) ngeunaan "*Keéféktifan Modél Pembelajaran Quantum Teaching and Learning dalam Pembelajaran Guguritan*". Modél Pangajaran AIR dina kamampuh nulis puisi kungsi ditalungtik ku Candra (2016) ngeunaan "*Pengaruh Modél Pembelajaran AIR (Auditory Intellectually Repetition) Terhadap Kemampuan Menulis Puisi (Siswa Kelas X SMK Negeri 1 Pantai Cermin Tahun Pembelajaran 2015/2016)*". Panalungtikan ngeunaan modél AIR kungsi ditalungtik ku Karim, spk. (2024) dina "*Perbandingan Modél VAK (Visualization, Auditory, Kinesthetic) dan Modél AIR (Auditory Intellectually Repetition) Terhadap Keterampilan Menulis Puisi Siswa Kelas IV*".

Panalungtikan séjén kungsi ditalungtik ku Liestari, spk. (2018) ngeunaan "*Improvement of Poetry Writing (AIR) Based on Outdoor Study (Classroom Action Research of Thrid Grade at SD Negeri Soropadan No.108 Surakarta Academic Year 2017/2018)*". Panalungtikan ngeunaan guguritan kungsi ditalungtik ku Nuraeni & Kuswari (2015) ngeunaan "*Perbandingan Modél Sinéktik dan Modél Consept Sénténcé Modification dalam Pembelajaran Menulis Guguritan Siswa Kelas VIII*".

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

SMP Négeri 1 Cinéam Kabupatén Tasikmalaya Tahun Ajaran 2014/2015”. Panalungtikan lian ogé kungsi ditalungtik ku Jakawali (2021) ngeunaan “*Média Articulate Storyline 3* dina Pangajaran Guguritan (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2020/2021)”. Panalungtikan ngeunaan guguritan kungsi ogé ditalungtik ku Kusmiati (2016) ngeunaan “*Modél Quantum Writing* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VIII-5 SMPN Negeri 43 Bandung Taun Ajar 2015/2016)”. Panalungtikan séjénna ogé kungsi ditalungtik ku Lestari (2022) ngeunaan “*Média Monopoli Dina Pangajaran Guguritan: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Negeri 52 Bandung Taun Ajar 2021/2022*”. Lian ti éta, panalungtikan nu patali jeung guguritan ogé kungsi ditalungtik ku Awalya (2019) ngeunaan “*Modél Direct Intruction* dina Pangajaran Nulis Guguritan Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajar 2018/2019”.

Dumasar kana panalungtikan diluhur, panalungtikan *Modél Auditory Intellectually Repetition (AIR)* téh can kungsi aya nu nalungtik dina pangajaran guguritan. Ku kituna, ieu panalungtikan penting pisan kudu dilakukeun sabab patali jeung urgensi, hartina sangkan pasualan dina nulis guguritan téh teu karandapan, ogé patali jeung novélta yén mémang can kungsi aya nu nalungtik dina ieu panalungtikan.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Ari idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah mangrupa hal penting nu kudu didadarkeun. Ieu di handap mangrupa idéntifikasi jeung rumusan masalah nu kapanggih ku panalungtik.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu di handap mangrupa idéntifikasi masalah nu karandapan ku siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung taun ajar 2023/2024 nyaéta:

- 1) patali jeung internal, kurangna minat siswa pikeun diajar nulis guguritan Durma;
- 2) pasualan sacara éksternal nyaéta patali jeung *pola asuh* kulawarga;

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) kamampuh siswa dina nulis guguritan kapangaruhan ku hirup kumbuh di masarakat, sakola, jeung babaturan;
- 4) kamampuh nulis guguritan kapangaruhan ku *média sosial* atawa *média digital*;
- 5) can aya modél pangajaran nu bisa ngungkulan pasualan siswa di kelas 8A; jeung
- 6) can aya nu nalungtik ngeunaan Modél AIR dina pangajaran nulis guguritan.

Dumasar kana idéntifikasi masalah nu kapanggih, panalungtik bisa leuwih fokus kana udagan panalungtikan. Ieu panalungtikan bakal leuwih museur kana kamampuh siswa ngeunaan kaparigelan dina nulis guguritan durma.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu di handap mangrupa rumusan masalah nu kapanggih ku panalungtik.

- 1) Kumaha kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh dilaksanakeun modél AIR?
- 2) Kumaha kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR?
- 3) Kumaha bédana kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua, nya éta nu kahiji tujuan nu bisa dihontal sacara umum jeung nu kadua tujuan sacara husus. Tujuan panalungtikan baris diguar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan ditilik sacara tujuan umum jadi salasihiji ukuran nu mikanyaho ngeunaan modél pangajaran *Auditory Intellectually Repetition* (AIR) nu dilarapkeun kana pangajaran nulis guguritan ka siswa SMPN 2 Bandung, hususna di kelas 8A. Leuwih ti kitu, tina ieu modél pangajaran panalungtik bisa ngukur sa jauh mana ieu modél bisa méré pangaruh kana kamampuh siswa dina kaparigelan nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun ieu modél pangajaran.

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Khusus

Salian ti tujuan umum, tangtu ieu panalungtikan miboga tujuan sacara husus. Ditolik sacara tujuan husus, panaluntikan ngeunaan modél AIR miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh dilaksanakeun modél AIR;
- 2) kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR; jeung
- 3) bédana kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat nu aya dina panalungtikan ngeunaan modél AIR ieu diwincik jadi dua, nya éta mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis. Sangkan leuwih jéntré, mangpaat panalungtikan baris diguar di handap ieu.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis nu aya dina ieu panalungtikan téh nyaéta sangkan ngawewegan pangaweruh ngeunaan modél AIR nu dilaksanakeun dina pangajaran nulis guguritan. Hususna dina ieu panalungtikan ditujukeun ka siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat nu diguar di luhur, tangtu aya nu disebut mangpaat praktis. Mangpaat sacara praktis dina ieu panalungtikan baris diguar di handap ieu:

- 1) mikanyaho ngeunaan kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh dilaksanakeun modél AIR;
- 2) mikanyaho ngeunaan kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan sabada dilaksanakeun modél AIR; jeung
- 3) mikanyaho bédana kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR.

Mulyadi Ariansyah, 2024

MODÉL AUDITORY INTELLECTUALLY REPETITION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS 8A SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4 Struktur Organisasi Skripsi

Struktur organisasi skripsi atawa raraga tulis diwengku ku lima bab. Ieu di handap mangrupa raraga tulis nu aya dina ieu panalungtikan.

Bab I Bubuka. Dina bubuka hal anu ditepikeun nyaéta patali jeung kasang tukang panalungtikan nu jadi dadasar dina ieu panalungtikan. Di sagédéngeun éta, aya rumusan masalah panalungtikan nu dijerona ngajéntrékeun idéntifikasi masalah nu kasampak dumasar kasang tukang jeung rumusan masalah, ogé aya tujuan panalungtikan nu eusina ngajéntrékeun tujuan umum jeung tujuan husus, ogé aya mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta ayana wangenan operasional nu ngajéntrékeun *variabel* dina ieu panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Dina ieu bab, dijenjéntrékeun ngeunaan naon-naon nu jadi pedaran tiori nu diperlukeun dina panalungtikan. Ti mimiti modél pangajaran AIR, pangajaran guguritan, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung uji hipotésis nu mageuhan ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Pedaran nu ditepikeun patali kana méthode jeung desain panalungtikan, téknik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumbe data panalungtikan, jeung prosedur panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Bab hasil jeung pedaran ngaguar hasil panalungtikan sacara gembleng nu némbongkeun larapna modél AIR dina pangajaran nulis guguritan ka siswa kelas 8A SMPN 2 Bandung.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab pamungkas, dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi nu antukna ieu panalungtikan téh bisa méré informasi nu mundel tur muka pamikiran sangkan bisa ngajak pamaca neuleuman ieu panalungtikan dina mangsa jaga.

1.5 Wangenan Operasional

Ari anu dimaksud modél pangajaran AIR dina ieu panalungtikan nyaéta modél pangajaran nu museur kana tilu kamampuh diri, nya éta *auditory* nu patali jeung kamampuh pangregep, *intellectually* nu patali jeung kamampuh mikir, jeung

repetition nu patali jeung pangulangan. Sedengkeun nu di sebut guguritan dina ieu panalungtikan nyaéta karangan pondok wangun puisi nu ditulis dumasar patokan pupuh durma.